

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindékan

Warisan kabudayaan di Kampung Adat Miduana mangrupa hiji prosés anu lumangsung ti entragan ka entragan. Kabudayaan anu dimaksud kaasup tradisi, adat istiadat, bahasa, seni, jeung réa-réa deui. Sababaraha faktor anu mangaruh warisan kabudayaan di Kampung Adat Miduana.

Unsur-unsur kabudayaan anu aya di Kampung Adat Miduana aya tujuh, nyaéta sistem jeung struktur sosial, sistem pacabakan, sistem pakakas jeung téknologi, basa, kasenian, sistem élmu pangaweruh, sistem agama jeung kapercayaan. Ka hiji struktur sosial di Kampung Adat Miduana dibagi dua nyaéta ketua RT jeung kokolot lembur, ka dua sistem pacabakan masarakat Kampung Adat Miduana rata-rata 80% kana tani, ka tilu sistem pakakas jeung téknologi di Kampung Adat Miduana antara pakakas tradisional jeung pakakas modérn kaasup imbang, masarakatna ogé aya anu masih kénéh ngagunakeun pakakas tradisional, tapi aya ogé anu geus ngagunakeun pakakas modérn. Ka opat basa anu digunakeun di Kampung Adat Miduana ngagunakeun basa Sunda, pikeun basa Nasional gumantung jeung saha intéraksina. Ka lima kasenian anu aya di Kampung Adat Miduanan téh: wayang gejlig, nayuban, lais jeung ngagondang. Ka genep sistem élmu pangaweruh masarakat kampung Adat Miduana, dimimitian ti tingkat PAUD atawa TK, SD, SMP, SMA, Perguruan Tinggi. Nilik kana perséntasena wajib sakabéh, budak kudu sakola SD, 80% anu nuluykeun ka tingkat SMP, 20-30% anu nuluykeun ka tingkat SMA, jeung 1-2% anu nuluykeun ka Perguruan Tinggi. Ka tujuh sistem agama jeung kapercayaan masarakat Kampung Adat Miduana sacara umum bisa nyebutkeun yén 100% masarakatna ngagem agama Islam.

Ajén-inajén budaya anu dipibanda ku masarakat Kampung Adat Miduana, anu kahiji ajén agama, ayana dongdonan wali puhun salapan anu jadi tatapakan pikeun nyekel pageuh kana ajaran Islam. Anu kadua ajén sosial, suhunan anu aya di Kampung Adat Miduana kudu 99 suhunan teu meunang leuwih, ku sabab kungsi ayana bencana

kahuruan ayeuna warga anu nyicingan Kampung Adat Miduana aya 21 urang kepala kulawarga. Anu katilu ajén atikan di Kampung Adat Miduana, dibagi kana tilu sistim. Ningali kabiasaan (éksternalisasi), méré nyaho ngeunaan kabudayaan Kampung Adat (objéktivasi), jeung ngajak (Internalisasi). Anu ka opat ajén karakter, nurutkeun sababaraha narasumber entragan kolot yén salah sahiji cara panjang umur téh nyaéta ngadahar lauk payo anu aya diwahangan sabudeureun Kampung Adat Miduanan jeung hirup séhat ngadahar sarupaning tutuwuhan anu dipelak di kébon sorangan.

Ngawariskeun budaya di masarakat Kampung Adat Miduana, Cara ngawariskeun budaya di Kampung Adat Miduana, saleresna teu aya paksaan ti entragan luhur pikeun migawé adat kabudayaan anu sarua ka entragan handap, komo deui ngadorong entragan handap pikeun ngalaksanakeun kagiatan anu sarua. Tapi ku cara alamiah atawa sacara génétik yén entragan handap téh ningali jeung ngabiasakeun pikeun migawé kagiatan anu sarua jeung entragan luhur. Tapi sakabéhna minangka gerakan atawa cara kalakuanna diturutan ku anakna tuluy anu ngabalukarkeun turun tumurunna, antukna népi ka ayeuna budaya di Kampung adat Miduana masih kénéh aya. Budaya ngamandian, budaya panén, budaya melak, jeung budaya migawé tani ku munding masih kénéh dipertahankeun ku warga Kampung.

Dina upaya miara jeung ngamékarkeun kabudayaan di Kampung Adat Miduana, perlu dilakukeun sababaraha léngkah, saperti ngamumulé tradisi jeung adat istiadat, ngayakeun kagiatan-kagiatan budaya, sarta ngawanohkeun kabudayaan lokal ka entragan handap. Hal ieu bisa dilakukeun ngaliwatan gawé bareng masarakat, pamaréntah, jeung organisasi-organisasi anu miara kana kana ngamumulé kabudayaan.

5.2 Saran

Sababaraha saran panalungtikan bisa dilaksanakeun pakait Kampung Adat Miduana nyaéta:

Panalungtikan étnografi ngeunaan kahirupan masarakat di Kampung Adat Miduana, kaasup tradisi jeung adat istiadat anu dijalankeun, sistim sosial, ékonomi, jeung politik anu aya di Kampung Adat Miduana.

Panalungtikan ngeunaan sajarah Kampung Adat Miduana, saperti asal-usul, pangwanganan, jeung peran Kampung Adat dina sajarah jeung kahirupan masarakat sabudeureunna.

Studi ngeunaan pangaruh téknologi jeung média sosial kana kabudayaan di Kampung Adat Miduana, kaasup kumaha pangaruh éta mangaruhan paripolah jeung sikep masarakat kana kabudayaan lokal. Panalungtikan ngeunaan upacara adat di Kampung Adat Miduana, kaasup harti jeung makna tina unggal upacara adat anu dilaksanakeun, sarta peran upacara adat dina ngamumulé lumangsungna kabudayaan lokal.

Studi ngeuaan kasenian jeung budaya rakyat di Kampung Adat Miduana, saperti tari jeung wayang anu aya di Kampung Adat éta.

Panalungtikan ngeunaan sumber daya alam di Kampung Adat Miduana, kaasup cara-cara tradisional anu digunakeun masarakat satempat dina ngamanpaatkeun sumber daya alam jeung upaya-upaya anu dilakukeun pikeun ngajaga tur ngamumulé alam sabudeureun.

Panalungtikan éta bisa méré kontribusi anu pénting kana ngamumulé jeung ngamekarkeun kabudayaan Kampung Adat Miduana, sarta ningkatkeun pamahaman ngeunaan kabeungharan budaya anu dipiboga ku Indonesia.